

# 24 janvyè

## Tanpri louvri je m, fè m wè sa m fè a.

Jòb 34. 32 ; 42. 5, 6

## O Bondye, pa kite okenn move lide nan kè m.

Sòm 51. 10

### Sa Bib la te montre m

“Lè m te tou piti, m te wè paran m yo ap dechire youn lòt. Lè m al lekòl, m te wè kamarad mwen yo ap goumen pou yon kreyon koulè. Lè m te jenn gason, m te wè vyo-lans ti gason ki nan lari yo. Nan monn travay la m wè moun ap goumen pou pouvwa, moun k ap fè lach, moun ki pa kenbe pwomès yo, moun ipokrit. Nan men-naj, m wè moun k ap twonpe moun, entolerans ak trayi-zon. M pa t gen chans wè gwo zak delenkan, m pa t janm wè nonplis lagè an reyalyte, men, mwen te wè imaj yo. Nan tout domèn nan sosyete a, nan fanmi, nan zòn de-favorize tankou nan zòn devlope yo, mwen wè kisa lòm vin tounen lè l ap suiv pasyon l : ogèye, pran pòz, mantè, enfidèl, parese, kolerik, ipokrit, chich...”

Après Bib la vin antre nan lavi m e mwen te wè pwòp tèt mwen, mwen te wè sa ki nan kè m. Li te fasil pou mwen te wè bagay san sans lòt moun ap fè yo, men m pat wè pa m yo ! Dabò, Bib la te montre m Bondye kreyatè a. Après li te montre m Jezi, nonm ki pa fè peche a, Pitit Bondye a. Li te pale m de peche. Se te yon miwa kote m te wè pou premye fwa vizaj mwen ki defi-gire ak pil sikatris peche. Bib la te montre m aklè jan anndan m te lèd, li te montre m m pa ka fè anyen pou m ka vin pi bon ak pwòp fòs mwen. Lè sa a, li te montre m se li menm sèl ki se dènè e sèl remèd.”

*Bruno*

# 24 janvier

## **Ce que je ne vois pas, montre-le-moi.**

Job 34. 32 ; 42. 5, 6

**Crée-moi un cœur pur, ô Dieu !** Psaume 51. 10

### **Ce que m'a montré la Bible**

“Petit enfant, j’ai vu mes parents se déchirer. À l’école, j’ai vu des petits camarades se battre pour un crayon de couleur. Jeune homme, j’ai vu la violence des garçons des rues. Dans le monde du travail, j’ai vu les luttes de pouvoir, les lâchetés, les promesses non tenues, les mensonges, l’hypocrisie. En ménage, j’ai vu tromperies, intolérance et trahisons. Je n’ai pas eu l’occasion de voir de près de grands faits de délinquance, je n’ai pas vu non plus la guerre dans la réalité, mais j’en ai vu des images. Dans toutes les sphères de la société, dans la famille, dans les milieux aisés comme dans les plus modestes, j’ai vu ce qu’est devenu l’homme abandonné à ses passions : orgueilleux, prétentieux, menteur, infidèle, paresseux, irascible, sournois, cupide...

Puis la Bible a surgi dans ma vie et je me suis vu moi-même, j’ai vu ce qui est dans mon cœur. J’avais distingué très nettement les turpitudes des autres, mais pas les miennes ! La Bible m’a d’abord présenté Dieu le créateur. Elle m’a ensuite montré Jésus, l’homme parfait, le Fils de Dieu. Elle m’a parlé du péché. C’était un miroir où pour la première fois je me suis vu en homme défiguré par les nombreuses et profondes traces du péché. La Bible m’a clairement montré ma laideur intérieure, elle m’a démontré que j’étais incapable de m’améliorer par moi-même. Elle s’est alors présentée à moi comme l’unique et ultime remède.”

*Bruno*